



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON CHERIBUNDI, INC. AP KREYE 35  
NOUVO DJÒB NAN KONTE ONTARIO**

***Investisman an Konplete Inisyativ pwogram “Finger Lakes Forward” lan – ki se Plan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi ke Cheribundi, Inc. ap devlope operasyon pwodiksyon li yo epi pase a yon nouvo lokal nan Geneva, Konte Ontario. Pwodiktè jì seriz asidile sa ap investi plis pase 4 milyon dola pou reloje enstalasyon li yo nan ansyen Tops Friendly Markets sou wout 5 ak 20 Eta New York yo, sipòte yon objektif kle itisyativ “Finger Lakes Forward” rejyon an dirèkteman, lè l kreye 35 nouvo djòb epi ensite plis kwasans ekonomik nan rejyon Finger Lakes la.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Ekspansyon Cheribundi a se bon nouvèl pou Figer Lakes e se yon lòt egzanp redemaraj ekonomik rejyon an. Nouvo investisman sa yo pa konpayi a se yon viktwa pou rezidan yo nan Geneva e pi lwen ke sa, sa ap plante rasin ki pi fon nan kominote a, kenbe epi kreye plis djòb lokal epi bay yon lòt objektif a yon imèb ki lib.”

Konpayi jì fwi a, ki loje syèj sosyal li andedan Fèm Teknoloji (Technology Farm) k ap devlope vil la, prevwa fonksyone nan nouvo lokal li a sou wout 5 ak 20 nan Eta New York pi ta nan sezon otòn sa. Ajans devlopman ekonomik eta a, Empire State Development, ap bay Cheribundi Inc. jiska 700,000 dola sibvansyon ak kredi enpo ki baze sou pèfòmans Pwogram “Excelsior Jobs” kòm rekonpans paske li pran angajman pou kreye djòb.

**PDG ak Delege Empire State Development lan, Howard Zemsky te di:** “Fèm Teknolojik nan Cornell Agricultural Park la nan Geneva, ki konsantre sou rechèch biyolojik la, te sèvi kòm enstriman nan kwasans Cheribundi e patenarya yo a se yon bon egzanp de kisa ki ka reyalize lè inivèsite pi wo nivo nou yo asosye ak biznis nan Eta New York yo.”

**Vis Prezidan Cheribundi a Ed Maguire te di:** “Nou rekonesan tèlman a Gouvènè Cuomo ak eta a pou tout sipò yo nan ede biznis nou yo devlope. Èd sa yo ap fè chemen ki long pou fasilite akizisyon ekipman ki adekwa ak resous nou bezwen pou fè bwason nivo mondyal nou an. Nou kontan tou pou n etabli nan Geneva e nou enpasyan pou n devlope biznis nou an isit la.”

**Mike Manakowski, Chèf Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Ontario a (Ontario County Industrial Development Agency) te di:** “Nou remèsye Gouvènè a ak eta a pou tout èd yo nan sipòte devlopman fabrikasyon bwason sa nan Konte Ontario. Sa ede asire ke Cheribundi ap kontinye ogmante vant yo isit la e nou kontan anpil ke yo bay yon lòt objektif a magazen ki vid nan Geneva pou pwojè sa, pou pote nouvel vi nan bilding sa.”

**Senatè Eta a, Mike Nozzolio te di:** “Cheribundi se yon gwo istwa siksè e li satisfè pou wè plis djòb kreye nan rejyon Finger Lakes la. Sou direksyon John Johnson, yo te bay antreprenè nan Cornell Food ak Technology Park yo opòtinite ak èd pou devlope epi ogmante djòb yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te prete atansyon pou ogmantasyon djòb nan Finger Lakes.”

**Palmantè Eta a, Brian Kolb te di:** “Mwen fyè pou m felisite Cheribundi nan moman konpayi an ap vini nan nouvo enstalasyon li nan Geneva nan kad plan ekspansyon pou reponn a demand k ap ogmante nan tout peyi a pou ji seriz asidile. Ji Cheribundi a ki fèt apati de seriz asidile ki soti Montmorency a grandi lokalman pa agrikiltè Finger Lakes. Cheribundi te kòmanse kòm yon ti ide men ak èd, kolaborasyon ak patenarya Cornell University ak Cornell Agriculture ak Food Technology Park, konpayi an te grandi pou l vin yon mak nan tout peyi a ki te fè yon siksè ekstraòdinè. Li te devlope rapidman soti nan yon milyon dola vant pa ane an 2008 nan premye ane l sou mache a pou rive nan pwojeksyon 2016, 16 milyon dola nan vant. Lè nou sipòte biznis lokal tankou Cheribundi, lè n kiltive epi ankouraje inovasyon, sa ap kontinye mennen kreyasyon djòb menm jan ak istwa kwasans atravè eta a.”

Nouvel sou ekspansyon Cheribundi a vini apre yon anons Gouvènè Cuomo te fè sa pa gen lontan ke Vil Geneva ap resevwa 10 milyon dola nan kad inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil New York (New York’s Downtown Revitalization Initiative). Apre li te soumèt yon pwopozisyon, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonaj Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te chwazi vil la pou resevwa finansman pou ede konekte rejyon anba lavil la ak rejyon pitorès bò lak la.

**Majistra Geneva Ron Alcock te di:** “Se te yon bon nouvel pou n aprann ke Cheribundi te chwazi rete Geneva epi devlope nan Geneva. Kreyasyon nouvo travay se egzakteman sa nou te bezwen nan vil la. Li ajoute kontantman pou efò revitalizasyon ki te fèt nan Geneva yo e nou pa ka tann pou yo devlope.

### **Konsènan Cheribundi, Inc.**

Cheribundi te fonde apre yon ansyen jwè tenis pwofesyonèl te manje seriz asidile pou l te dekouvri ke senti fè mal li a de soulaje. Yo te fè yon konsèy ak ekip chèchè nan Cornell University yo pou eksplòre plis posiblite avantanj epi ede konpayi a pèfeksyone yon pwosesis pou fè ji anndan Technology Farm nan Geneva. Pou plis enfòmasyon Cheribundi, Inc., vizite [isit la](#).

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an

pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a te envesti deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan an – lè li te envesti nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, epi pwodiksyon an pwogrese. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti. Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418